

Enfòmasyon sou Grip Avyè ki destine pou Gran Piblik la



DEPATMAN
SANTE AK SEVISOSVAL
KAWOLIN DI NÒ
Divizyon Sante Piblik



Chasè yo ka vizite [Enfòmasyon pou Chasè nan NC DHHS](#) pou yo ka jwenn rekòmandasyon espesifik. Pwopriyete Elvaj Volaj Domestik yo ka vizite [Pwoteje Elvaj Ou a nan NCDA&CS](#) pou yo ka jwenn rekòmandasyon espesifik.

Grip Avyè, oswa “grip zwazo,” se yon maladi viris grip A koze ki pwopaje, jeneralman, ant zwazo sovaj ak zwazo domestik. Grip avyè a pwopaje ant zwazo yo atravè kontak dirèk epi li ka enfekte lòt bèt nan bwa ak nan fèm. Nan ka ki ra, moun ka vin malad aprè yo fin an kontak ak yon bèt ki enfekte. Malgre Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo detèmine risk aktyèl pou gran piblik la fèb, rekòmandasyon sa yo ka ede w pwoteje tèt ou kont grip avyè.

Kisa pou w fè pou w pwoteje tèt ou

- Moun yo dwe evite kontak dirèk ak zwazo sovaj, bèt volay ak lòt bèt ki malad oswa ki mouri, epi yo dwe obsève yo sèlman adistans. 
- Si ou dwe gen kontak dirèk avèk zwazo vivan oswa ak lòt bèt ki enfekte oswa ki kapab enfekte ak grip avyè, mete ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) yo rekòmande yo, tankou mask, pwoteksyon pou je ak gan. 
- Lave men ou byen epi regilyèman avèk savon ak dlo. 
- Evite touche sifas oswa materyèl (egzanp, nich oswa kaj bèt) ki kontamine ak krache, larim oswa twalèt zwazo sovaj oswa domestik oswa lòt bèt ki malad.
- Ou ta dwe netwayeabri ak kote zwazo yo benyen byen avèk klowòks regilyèman epi ou pa ta dwe mete yo kote yo ka ankouraje zwazo sovaj yo melanje ak zwazo domestik oswa bèt reyabilitasyon.
- Pa touche oswa konsome lèt kri oswa pwodui ki fèt ak lèt kri.
- Kwit vyann jibye, bèt volay, ak ze byen kwit; tanperati entèn lan dwe rive nan 165°F.

SONJE:

Zwazo yo ka enfekte ak grip avyè menm si yo pa sanble malad.

Siveye sentom yo

Li enpòtan pou w veye sentom yo si ou te bò kote yon zwazo oswa yon bèt sovaj ki malad. Men sentom yo:

- Je wouj/azoumounou
- Fyè
- Tous
- Souf kout
- Gòj fè mal
- Nen k ap koule
- Estène
- Dyare
- Gratèl
- Fatig
- Vomisman
- Doulè nan misk
- Tèt fè mal
- Anvi vomi
- Kriz malkadi



Kijan m ka sinyale zwazo ki malad oswa ki mouri?



Ou ka sinyale bèt sovaj ki malad/blese nan **Liy Asistans Komisyon Resous Bèt Sovaj nan Kawolin Di Nò**, Lendi-Vandredi, 8 a.m.-5 p.m. nan 1-866-318-2401 oswa nenpòt ki lè sou imèl nan HWI@ncwildlife.org.

Si ou santi ou malad aprè ou fin antre an kontak ak zwazo yo

Tanpri, kontakte founisè swen sante ou a oswa depatman sante lokal la. Di founisè swen sante ou a tout kontak resan ou te genyen ak yon bèt. Si ta gen ijans, rele 911.